Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 6 (9801) /18 февраль 2019 с. / итни 13 Джумадуль-ахир 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***23 февраля мы традиционно празднуем День защитника Отечества, один из важнейших праздников россиян. Это не просто день почитания солдат и бойцов, служивших и защищавших страну во время войны и невзгод – знаменательная дата уже превратилась в своеобразный неофициальный «день всех мужчин». С 2002 года, 23 февраля – выходной день в Российской Федерации.***

Уважаемые ветераны войны и труда, солдаты и офицеры района, которые сегодня с оружием в руках стоят на страже Родины! Сердечно поздравляем вас с Днем защитника Отечества. Желаем вам долгих лет, здоровья и счастья в семейной жизни.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов.***

**Дорогие соотечественники!**

Примите искренние поздравления с праздником защитников и освободителей родной земли – Днем защитника Отечества. Желаю Вам здоровья, счастья, бодрости духа, уверенности в себе и своей Родине.

**Депутат НС РД М.-п.(К.-п.)Д.Умаханов.**

От всей души поздравляю вас с Днем защитника Отечества, с праздником крепкой силы и бравого мужества. Пусть вашу душу наполняет свет отваги, а сердце-мудрость и любовь. Желаю вам крепкого здоровья, счастья и мирного неба.

**Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия»Д.Г.Махачев.**

**Х1урматияв районцоял, рагъул ва зах1маталъул ветеранал!**

Рак1-рак1алъ баркула нужеда праздник – Ват1ан ц1унулесул Къо! Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талих1, роц1араб зоб ва гьабулеб ишалъулъ бергьенлъаби.

**Ригь аразул Советалъул председатель М.Г1.Чупалаев.**
**Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1.Мух1амадх1абибов.**
**Жамг1ияб палатаялъул председатель, Х1.А. Адимирзаев.**

# Баркула




Районалъе ва жамг1иял г1уц1абазе нухмалъулез Афгъанистаналъул рагъул г1ахьалчаг1азда рак1-рак1алъ баркулеб буго Афгъанистаналдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса 30 сон т1убаялъулаб юбилей.

Гьарулеб буго гьезие щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва гьарулел ишазулъ бит1ккей.

# Дица кверги бачун, баркула байрам

Дица кверги бачун, баркалаги кьун,
Баркула байрам Къо ветераназда.
Жидер къадар цIакъго гIодобе ккарал,
Пурда тIегь бижизе чорхол рухI кьурал.

Хадусан гьаб байрам баркула дица,
Запасалда ругел гIолохъабазда,
Нагагь ВатIаналъе хIажалъи ккани,
Рачел дугъдан къазе къойил хIадурал.

Гьаркьил хехлъиялъул ярагъ кодобгун,
ВатIан цIунун ругел гIолохъабазда,
Хасгьабун, баркула солдатасул Къо
ХIинчIцин жидер беркьа жеги борчIичIел.

Чармил чуял кьолон сапаралъ унел
Летчиказда дица баркула байрам.

Нужер церетIеяз, нужер ишаца,
Улкаялъул къадру борхизабеги.

Ралъдал тIиналдасан ВатIан бихьулел,
Моряказда дица баркула байрам.
Камиллъаги нужер рагъулаб махщел,
Гьанжесеб рагъулаб гIелмугун цадахъ.

Дора космосалъул гIатIилъабазда
Десант гIуцIаразда баркула байрам.
Ракьалда гIадинан космосалдаги
ТIокIлъи загьирлъаги нужер гIелмудал.

Миллатал гIемераб дир гIагараб халкъ,
Баркула нужеда къиматаб байрам.
Къей гьечIеб армия чIезе гьабураб,
Цоги лъилго гьечIеб ярагъгун кодоб.

*М-бег АБУЛАЕВ, Гуни росу.*

# Райадминистрациялда



12 февралалда районалъул администрациялда т1обит1ана аппаратальул иргадулаб данделъи. Районалъул администрациялъул бет1ерасул заместитель З.Н.Эмеевасул бет1ерлъиялда т1обит1араб гьеб данделъиялда г1ахьаллъана-администрациялъул отделазул,учреждениябазулгун организацияббазул х1алт1ухъаби ва росабазул администрациябазул бут1рул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росун рук1ана- кьишни-къул бак1ариялъул, бихьизабураб бак1алде гьеб щвезабиялъулгун заманалъе гьеб ц1униялъул санитарияб законодательство т1убазабиялъул ва росаби лъедалъун хьезариялъул суалал.



Гьел суалазда т1асан докладалгун цере рахъана-архитектураялъул отделалъул начальникасул ишал т1уралев Х1амзат Хадаев ва РДялъул Роспотребнадзоралъул Гъизилюрталда бугеб территориалияб Управлениялъул начальникасул заместитель Г1умар Г1умаров. Данделъиялъул г1ахьалчаг1аз, хал гьабиялде росарал суалазда т1асан,докладал гьарурaзе кьуна г1езег1анго суалал ва гьениб къот1и гьабуна рехсарал суалал т1уразариялъулъ ругел г1унгут1аби т1аг1инариялъе тадбирал гьариялъе правовиял документал х1адуриялда т1ад х1алт1изе.

*И. ИДРИСОВ.*

*Депутатасул ишал*

# Депутатасул кумекалдалъун,..



Дагьал церегIан къояз дун дандчIвана Калининаул росдал бетIер ХIажи ХIажиевгун ва **«Цогояб Россия»** партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул секретарь ТIагьир Памиевгун.

Гьеб дандчIваялда бицен ккана росулъ ругел гIолел-гIоларел рахъазул ва гьезда сверухъ гьабураб, гьабулеб ва гьабизесеб хIалтIул. Росдал бетIерасул, секретарасул ва гIадамазул цIакъго рахIат хвезабулеблъун бугоан цо микрорайоналда гIураб къадаралда ток гьечIолъиялъул суал. КъотIи ккана гьеб суал бетIералде бахъинабизе кумек гьабеян РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ТIалхIат МахIачевасде гьаризе.

Къокъаб заманалда ТI. МахIачевас нижер гьари тIубазабуна. Гьес ритIун рачIана 250 квт. къуват бугеб трансформатор, хIубал, токил мухъазе кварал прожекторал, материалияр сурсатал, къокъ гьабун абуни, микрорайоналда ток чIезабиялъе хIажатабщинаб.

Хадусан ккараб дандчIваялда ХI. ХIажиевас абуна: **«Калининаул росдал жамагIаталъул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала буго ТIалхIат МахIачевасе росдае гьабураб кумекалъухъ. Кьеги гьесие лъикIабщинаб ва ритIун ккаги гьес гьарулел ишал. Нижеца хIаракат бахъила микрорайоналда ток букIинабизе ва росдал централияб къватI къачIазе»**,-ян.

*С. АЛТУМИРЗАЕВ, Ленинаул росу.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

## Гьалда х1алт1иалъулъ талих1 батана



Жеги гьит1инго инсанасул рек1елъ бижуна махщелалде рокьи. Гьеб бук1ине бегьула бат1и-бат1ияб ва г1адамазе пайда кьолеб. Амма муг1алимлъи ккола бищунго жавабчилъи ц1ик1к1араб махщел. Гьедин бук1аниги, бокьулеб х1алт1уда г1адан талих1авлъун вук1уна.

Гьаб макъалаялда бицен гьабулей Мух1амадова Зайнап М-расуловна гьаюна 1972 соналъ Хасавюрт районалъул Къарлан-юрт станциялда муг1алимасул хъизаналда.Гьизилюрталъул №7 гьоркьохъеб школалда ич1го классги лъуг1изабун, гьей ана Хасавюрталъул педучилищеялде. 1992 соналъ, т1ок1лъигун гьебги лъуг1изабун, х1алт1ана Гьизилюрталъул №8-аб. школалда байбихьул классазул муг1алимлъун.

Лъайкьеялда т1ад х1алт1улаго, Зайнапие щвана лъик1аб х1албихьи. Гьеб жеги т1адег1анаб даражаялде бахинаби мурадалда, Зайнап ц1ализе лъуг1ана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогическияб университеталде.

Университет лъуг1араладаса гьей х1алт1улей йиго Мах1ачхъала шагьаралъул лъайкьеялъул Управлениялда методистлъун.

Т1адег1анаб категориялъул муг1алим Зайнап Мух1амадова мустах1икълъана **«Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул отличник»** ц1аралъе ва гьей яхъана ***«Лъабабилеб Т1олгоросситялъулаб лъайкьеялъул технологиябазул «Гьанжесеб школа»*** ц1иял къаг1идабазул «В» категориялъул бищунго лъик1ай муг1алим» конкурсалъул призерлъун. Гьединго, гьелъие щвана г1емерал цогидал шапакъаталги.

Зайнап ккола педагогикиял г1елмабазул кандидат. Гьелъ ва рос Тимурица тарбия кьолеб буго лъабго лъимералъе. Зайнап рази йиго г1умруялдаса ва жинцаго т1аса бищараб махщелалдаса.

*Х1.Каримова.*

## Планалъулъе ккун буго

2019 соналъ Буртунай росулъ лъималазул ахалъе мина баялъул суал рук1алиде ккезабиялда т1ад х1алт1и гьабулеб буго. Анлъго километралъул манзилалда, Дилималдаса Буртунаялде унеб нухабе хъил (асфальт) т1езе планалдеги босун буго.

Лъималазул ахалъе мина базе живго бет1ергьанаб бак1алъул 50 сот. г1анасеб ракь кьун буго Мах1ачхъалаялда яшав гьабун вугев, Буртунаялдаса Г1адиев Х1абибица.

---

Араб соналъ Буртунаялдаса **«Казбеклесничество»** г1уц1иялъе нухмалъи гьабулев Х1осенов Ибрагьимица росулъе бач1ун бук1ана 20 комплект хабалалъ лъолел хъарщазул.

Гьаб соналъ гьединабго 10 комплект гьес бит1ун бач1ана Х1амзаюрт росулъеги.

К1иябго росдал г1адамаз, халатаб ва талих1аб г1умруги гьарулаго, рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабулеб буго И.Х1осеновасе гьеб халкъалъе гьабураб пайдалияб кумекалъухъ.

*Насирдин ЭЛЬМИРЗАЕВ, Х1амзаюрт росу.*

## «Гьабе лъик1лъи» ах1иялда гъоркь...

Социалияб рахъалъ г1адамал хьезариялъул Централъ (КЦСОН), хасго гьелъул директор Юсуп Исх1анбегович Мух1аевас, т1адч1ей гьабулеб буго ресалда гьеч1елгун г1емерал лъимал ругел хъизабазе материалияб кумек гьабиялда. Гьаб сонги Централъ байбихьана гьединаб кумек гьабиялдалъун.

Районалъул росабалъи 60 хъизаналъе кьуна кванил ниг1матаздасан данде гьарурал къуч1би.

**«Нижеца т1аде босула хадубккунги гьединаб кумек гьабиялъе ресал ратизе»**,-ян абуна централъул х1алт1ухъабаз.

*Р. Гьаницев, Дилим росу.*

## ТIагIам батIиябищ лъугьун бугеб?

***ГIарцул букIун бугеб кIудияб гьунар,***
***Гьудулин таравцин ворцине кIолеб.***
***Василан ккарасцин,кверккун,вичулев,***
***Канасул beралцин бецлъизарулеб.***

***Гъурщихъе щун бугин щибго ракьалда,***
***Щибдай хутIун бугеб дармида лъезе?***
***Базаралъ ккун бугин кинабго дунял,***
***Киса балагьилеб бичулареб яхI?***

Цо гIаданалъ тукада риди кигIаналдеян цIехолеб рагIараб мехалъ дида ракIалде щвана МахIмуд-Апандил т1адехун рехсарал рагIаби.

Киназго гIадин, дицаги бичун босула тукадаса хIажатабщинаб. ДаранчагIаз тукабазда кинабго чIезабун буго. Кирениги ине кколаро, бакIалдаго росизе ресалги руго.

Жакъа дие бицен гьабизе бокьун буго **«Садакъа»** абураб рагIул магIнаялъул х1акъалъулъ. Гьелда жаниб бугебщинаб нигIмат, гьелъул хIажалъи, хиралъи, гурхIел-цIоб, кумек, ахираталъул рукъоб бугеб пайда.

ГIарац инсанасе бугонагIан гIоларо, гIунин абун, тезеги толаро. Лъалеб жо буго гьелъ гIадан хисизавулеблъи, жеги хъантIаравлъун, къарумавлъун гьавулеблъи.

Умумузул аби буго:**«Садакъа-ракъул балагь»,-** ан. Гьаб заманалде гьедин абизе бегьуларо. Щай абуни, анищан ккараб кваназеги берцин бихьараб ретIинеги буго. Аллагьасе рецц, гьес нилъ кутакалда лъикI хьихьун руго. Гьаб кIочараб бихьугегиян нилъеца ТIадегIанасе щукру гьабизе ккола. Аварагасул (с.т.гI.с.) хIадис буго: **«Нилъер мунагьал, лъеца цIа гIадин, садакъаялъ чурула»**,-ян.

Цебе умумуз хIажалъи ккаразе садакъаялъеги кьолеб, хутIараб нахъеги тIолеб жо букIана риди. Бихьулищха гьанже гьелъул **«тIагIам»** батIияб лъугьун бугеб!

***ХI. КАРИМОВА.***

### *Бах1арзазе даимаб рецц «Конкурс-2019»*

## Кидаго к1очене гьеч1о



Дир ункъг1алалъул (Салих1атил) эмен Нурудинов Г1умар гьавула 1910 соналъ Казбек районалъул Зурамо росулъ. Армиялде гьев ах1ула 1941 соналъул октябралда. Гьеб бук1уна К1удияб Ват1анияб рагъул кор боркьараб заман.

Немцал Москваялде г1агарлъулел рук1уна. **«Ват1аналъе, тахшагьаралъе г1оло!», «Нилъеда нахъа буго Москва!», «Цо гали нахъе т1амизе гьеч1о!»** абурал ах1иязда гъоркь рагъулел рук1уна рагъухъаби.

Нахъасан партизабаз кьаби щвезабун, цебесан Баг1араб Армиялъ гьужумал гьарун, фашистал ч1езарула, хадуб нахъе къазарула. Т1абиг1аталъги кумек гьабула. Хасел бук1уна ц1орораб, фашистазе х1екьезе зах1матаб. Дагъистаналдаса, жалго разилъун, рагъде унезул штаб бук1уна Хасавюрталда. Казбек районалдаса рагъде ах1арал т1аде щварабго, рагъухъабазул эшелон Пензаялде бит1ула. Гьениса, к1иго моц1ил рагъул курсалги лъуг1изарун, гьел фронталде рит1ула .

Т1оцеве тушмангун Г1умар дандч1вала Москваялда г1агарда. Ч1варалги лъукъаралги гьенир г1емер рук1уна. Г1умар вит1ула лъукъарал госпиталалде щвезарулезул къокъагун. Нухда гьезде немцазул самолеталъ бомбаби рехула, амма гьезие зарал кколаро. Т1аде г1унт1арал нилъер истребителаз гьел нахъч1вала.

Г1азугун ц1ад балеб сордоялъ гьезул къокъа нухде бахъуна ва бак1-бак1алда машина цузе кколеб бук1уна. Х1ухь бахъизе ч1едал, гьезда бихьула кунч1и ва раг1уна бич1ч1унареб к1алъай. Аск1орег1ан ун балагьидал, гьеб батула нух къосун ккарал немцазул машина. Гьез немцал кверде росула. Асир гьарурал немцаз бицарада рекъон гьабураб гьужумалъ, немцал, горсверудеги росун, гъурула.

1943 соналъул июлалда Г1умар вит1ула 156-аб. кьвагьдохъабазул полкалде ва, г1ужилав снайпер х1исабалда, вачуна разведкаялде.

Разведкаялъул баяназда рекъон, иргадулаб операциялда нилъер рагъухъабаз немцазул техника хьвадулеб кьо кьвагьизабула ва, гьелъул х1асилалда, кумек щвеч1еб немцазул танкабазул полк кверде босула.

Ват1анияб рагъда бихьизабураб бах1арчилъиялъе г1оло Г1умар к1одо гьавула 1-аб. даражаялъул **«Ват1анияб рагъ»** орденалдалъун, **«Рагъулал хъулухъазухъ», «Берлин босиялъухъ»** медалаздалъун ва цо чанго Баркалаялъул кагътаздалъун.

Лъабго соналъ уна Г1умар рагъул зах1матал нухаздасан. Г1ахьаллъула чанго пачалихъ немцаздаса эркен гьарулел рагъазда. 1945 соналъул апрелалда Берлиналъул къват1ахъ ккарал рагъулал тунках1усиял рук1ана гьесие бищунго зах1матаздасан цояллъун.

Кват1ич1ого, Рейхстагалъул т1охда парпадула Бергьенлъиялъул байрахъ. Ват1аналде т1адрусарал рагъул г1ахьалчаг1аз байбихьула ракълилаб г1умруялде. 1977 соналъ Г1умар г1умруялдаса ват1алъула, амма гьев нижеда киданиги к1очене гьеч1о.

*Анисат Джамиева,*
*Къарлан-юрталъул гьоркьохъеб школалъул 5-аб. кл.ц1алдохъан.*

*Афгъанистаналдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса - 30 сон*

# Афгъанистаналда рагъда рукIана



Гъозтала росулъа Гумаханов Мансур гьавуна 1960 аб. соналъ, мунагьал чураял, АхIмадилги Зариятилги хъизаналда.

Росулъ 8 - го классги лъугIизабун, гьев цIалана Дилим росдал школа- интернаталда. 10- го класс лъугьун хадусан, ана Советияб Армиялде. Хъулухъ гьабуна Белоруссиялъул Витебск шагьаралда бук1араб 103 гьаваялъул десанталъулаб дивизиялда.

1979 соналъул декабралда гьезул дивизия битIула Афгъанисталалде. Гьеб цIадулаб рагъулъ вас вукIин лъарал эбел-инсул керен ургъалабаз бух1улеб бук1ана.

КIудияб ВатIаниялъ рагъул кьогIлъи бихьарав, гьеб рагъда, араб бакI лъачIого, кIудияв вац Мансур тIагIарав Ах1мадил рек1елъ къан бук1уна вацасулго гIадаб къисмат васасулги ккеладаян абураб пикру. Эбелалъулги ракI кинха букIинареб? Васасул къисмат кин ккелебали лъаларей гьей вас ц1унеян Аллагьасде гьардолей йик1уна, хIал кIвараб садакъаги гьелъ бикьула.

ЛъагIалидасан АхIмадил гьитIинав вас ХIажиханги ахIула Советияб Армиялде, витIула Туркменистаналде ва гьев тIамула машинаялъ рагъулал сурсатал Афгъанистаналде раччизе.

Кандагаралда Мансур вукIин лъарав ХIажиханица вацасухъе сапар бухьуна. Амма гьесда Мансур командировкаялъ Кабулалде ун ватула. Дагьал церегIан къояз ккараб гара-чIвариялда Мансурица бицана:

***«Аллагьас дие кьурал къоял лъугьун рукIун ратиларо,чанги хIинкъи г1умруялъе ккараб бакIалдасаги дун ворчIана. Цадахъ рукIарал чIваниги, чIаго хутIана. Кинавниги 15 рагъухъан чIвана нижер взводалъул»***,-ан.



Квешги лъикIги ана дол рагъулал сонал. Мансур Армиялдаса вачIун заман бахъилелдего, гIагараб росулъе тIадруссана кIиявго вац, цIализе лъугьана Москваялъул кванил ниг1матазул институталде.

I983 соналъ гьесги Ханзадалъги г1уц1ана ц1ияб хъизан. Гьезие рижана 3-го яс. Эбел инсуца ясазе кьуна тIадегIанаб лъай ва руссинаруна жиде-жидер маг1ишаталде. Гьабсаг1ат Мансурги Ханзадайги руго даран- базаралда. Росдал мажгиталда, мадрасалда гьарулел хIалтIабазулъ гIахьаллъула гьел. Х1ажатазе хIалае батулеб, г1адамазул хъулухъ тIубалеб, иман - яхI бугеб хъизан буго гьезул.

ХIажиханица Гъизилюрталда яшав гьабулеб буго. Гьесулги кIиго васги цо ясги руго.

***Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.***

*Инсан ва г1умру*

# Лъималазул фольклоралъул бат1и - бат1иял кьерал



6 февралалда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана ***«Лъималазул фольклоралъул бат1и-бат1иял кьерал»*** абураб ц1аралда гъоркь, семинар.

Гьенире г1ахьаллъана - районалъул росабазул культураялъул рукъзазул директорал, Дилим росдал №1 лъималазул ахалъул тарбиячаг1игун, лъимал ва гьалбал. Культураялъул Централъул бет1ерал специалистал: Рапият Мух1амадовалъул, Бурлият Г1усмановалъул ва **«Маргьа»** лъималазул ахалъул тарбиячаг1азул жигарачилъиялда т1обит1араб гьеб данделъиялда лъималаз рихьизаруна нилъер умумузул церегосел- рук1а-рахъиналда, г1адатазда, байрамазда, халкъиял абиязда ва х1аязда хурхарал сценкаби, рик1к1ана куч1дул, гьаруна, кьурдаби ва т1орит1ана бат1и-бат1иял къецал.

Районалъул культураялъул Централъул директор Зумрат Мух1амадовалъ баркала загьир гьабуна гьеб тадбир г1уц1аразе, ва гьелъулъ г1ахьаллъаразе. **«Умумузул г1адатал, рук1а-рахъин к1очон тезе бегьуларо, гьеб буго нилъер тарих, ва ясбер г1адин гьеб ц1унизе нилъеда т1адаб буго. Хадусанги гьадинал пайда ц1ик1к1арал тадбирал гьаризе нилъеца х1аракат бахъизе буго»**,-ян абуна гьелъ.

Данделъи ахиралде щвана г1олеб г1елалъе тарбия кьеялъулъ т1ок1лъи бихьизабурал «Маргьа» лъималазул ахалъул тарбиячаг1и: Эльмира Г1азизовалъе, Сидрат Мух1амадовалъе ва Индира Мух1амадовалъе Баркалаялъул кагътал кьеялдалъун.

***Асият Дибирова.***

# «Баг1араб ц1ва» орденалъул кавалер



1950 абилеб соналъ Гумбет районалъул Аргъвани росулъа Г1алиев Г1абдула г1умру гьабизе вач1ана Дилималде ва гьесул г1умрудул гьудуллъун лъугьана Нуг1изат. Гьеб бук1ана 1956 сон. Гьезие бижуна ункъо лъимер: Г1али, Булат, Хадижат ва Пат1имат.

Гьаб гьит1инабго макъалаялда дие бицине бокьун буго гьеб хъизаналдаса, анц1го соналъ Дилим росдал гьоркьохъеб школалда дида ц1адахъ ц1аларав, рак1бац1ц1адав инсан, Ват1аналъе рит1ухъав рагъухъан-интернационалист, **«Баг1араб ц1ва»** орденалъул кавалер Булат Г1алиевасул г1умрудул ва зах1маталъул нухалъул х1акъалъулъ.

Рехсараб школа лъуг1араб 1975 соналъ, Булат ц1ализе лъугьана Хасавюрталъул Батырмурзаевасул ц1аралда бугеб педучилищеялде ва гьеб лъуг1ун хадусан байбихьул классазул учительлъун х1алт1изе вач1ана г1агараб школалде. Гьенив х1алт1улаго Б. Г1алиев ах1ана Советияб Армиялде.

Рагъулаб налъиги т1убан, т1адвуссун хадусан вач1ана жиндирго муг1алимлъиялъул х1алт1уде ва заочно ц1ализе лъугьана Дагъистаналъул пединститутальул тарихалъул факультеталде.

Кват1ич1ого гьес лъадилъун ячана педучилищеялда цадахъ ц1алулей йик1арай Г1убайдат. Хадусан х1алт1изе лъугьана нилъер районалъул Рагъулаб комиссариаталъул к1иабилеб_отделениялъул начальниклъун ва, СССРалъул оборонаялъул министр Д.Ф. Устиновасул приказалдалъун, гьесие кьуна прапорщикасул чин.

Гьел соназ унеб бук1ана Афгъанистаналъул рагъ. 1988 соналъ Булатица рагъулав комиссар Тимченкохъе рапорт хъвала жив Афгъанистаналде интернационалияб налъи т1убазе вит1еян. Гьес Булатиде абула мун лъик1 ургъун вихьеян. Ахиралдаги жиндир гьари т1убан гурони Б. Г1алиев г1одовиччач1еб мехалъ, гьес гьесда абула, мун гьаб рапортги босун, Дагъистаналъул рагъулав комиссар В. Жлобахъе ине кколин.

Гьеб къоялъго Б. Г1алиевас сапар бухьана Республикаялъул рагъулаб комиссариаталде. Рагъулав комиссар г1ажаиблъун хут1ула, рукъор к1иго лъимерги лъадиги ругев прапорщик Б. Г1алиев, рехсараб рапортгун, жиндихъе вач1араб мехалъ ва абула, лъик1 ургъизеги ургъун, к1иго къоялдасан вач1аян.

Булат к1иго къоялдасан уна В. Жлобахъе ва абула жинца кинабго х1исабалде босанин, жив Афгъанистаналде инч1ого ч1оларин.

К1иго соналъ Булатица хъулухъ гьабула гьеб рагъулъ.

Гьениб бихьизабураб бах1арчилъиялъе г1оло гьев мустах1икълъула **«Баг1араб ц1ва»** орденалъе ва цогидалги шапакъатазе.

Булат Г1алиевас г1емерал соназ гьабуна районалъул рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъе председателлъи, тарбия къун г1езаруна ункъо яс, гьезул киназулго буго т1адег1анаб лъай.

***Даци ЛАТ1ИПОВ, Дилим росу.***

# Гьекъел-мехтел дагьлъана



Лъиениги балъголъи гуро гьекъолев чи вугеб рукъоб даг1ба - раг1и г1емераб бук1унеблъи. Мехтарасул бук1уна бихьизе нечараб рук1а-рахъин, раг1изе рокьукъаб калам, аск1ор ругездехун гьеч1еб адаб – нич. Г1аракъи сабаблъун, риххула хъизаби, бесдаллъула лъимал.

Аллагьасе рецц, гьал ахирият соназ росабалъа гьекъел - мехтел дагьлъун бугеб. Г1емерисел бертабальги гьеб бук1унаро. Дица абиларо г1аракъи бичи т1убанго т1аг1ун бугилан. Амма нижер Калининаул росулъин абуни, гьеб бичулеб тукен гьеч1о. Гьалмагъиралги ц1огьги т1убанго т1аг1ана. Гьанже г1емерисел дин-исламалде руссараб мехалъ, гьекъарав чи росулъ дандч1валаро. Гьеб буго щивав чи вохизе ккараб иш. Аллагьас киназего кьеги лъик1аб босизеги квешаб тезеги г1акълу.

***Хайродин ВИСАИТОВ, Калининаул росу.***

*Спорт- инсанасул сахлъи*

# ГIужде къвагъдей



9 февралалда Дилим росулъ тIоритIана, Афгъанисталалдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса 30 сон тIубаялъул хIурматалда, пневматическияб тункIица гIужде къвагъдеялъул къецал. Гьел къецазда гIахьаллъана районалъул росабалъа 28 команда. I0 м. манзилалда къвагъдеялъе гьел къецазда рихьизарун рукIана- 3 хIалбихьиялъул ва 5 хIасилал гьариялъул къвагьиял.

ХIалуцарал къецаздаса хадуб, тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана **«ДЭП-I5»** гIуцIиялъул команда(Башир Х1адаев, Мирзабек Х1адаев, Ибрагьим Ойсунгъуров), кIиабилеб бакI босана Дилим росдал ***«Флагман»*** командаялъ (МухIаммад Х1адаев,ХIамзат Х1адаев,Гlумар Х1адаев), лъабабилеб бакI щвана лицеялъул командаялъе (Исрап Булатханов,Джамиля ХIажиева,МухIамад ХIамзатов).

Жив-живас къвагъиялъул къецазда тIоцебесеб бакIалде вачIана Исрап Булатханов, кIиабилеб бакI босана МухIаммад Хадаевас(Дилим) ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Раджаб Байсултанов ( Алмахъ).

Къецал тIоритIиялъулъ гIахьаллъана-районалъул бетIерасул заместитель И.Б. Салимханов,финансазул Управлениялъул начальник Р.ХIажиев ва г1ужде къвагьдей бокьулел.

Призалъулал бакIал ккурал командаби ва бергьенлъи босарал гIолилал гьенир кIодо гьаруна, районалъул администрациялъул рахъалдасан, кубоказдалъун,грамотабаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун.

***И. БУЛАТХАНОВ.***

# ЗАГСалъул баянал

РайЗАГСалъул х1алт1ухъабаз хал гьабун буго 2018 соналъ г1адамаз бач1араб 349 г1арзаялъул.

Х1исабалде росун руго 1876 акт гражданияб х1алалъул, гьездасан - 981 лъимер гьабиялъул,262 - лъимер хвеялъул, 258 - ц1ияб хъизан гьабиялъул ва 49 - рукъалъ риххиялъул х1ужаби.

2017 соналде данде ккун нилъер районалда 2018 соналъ лъимал гьари дагьлъун буго 38 чияс, лъималазул хвел-18, лъималазул эменлъи ч1езаби-3, ц1ияб хъизан гьаби-22, рукъалъ риххи-34 чияс.

2018 соналъ 2 хъизаналда гьарун руго эгзал. Гьарун руго-501 вас ва 480 яс. Къун буго -1576 лъимал гьари тасдикъ гьаби такрар гьарун свидетельстваби ва архивалъул фондаладаса-1243 справка.

Гьебго соналъ судалъ, жанисел ишазул отделалъ, цогидал районазда ва шагьаразда ругел ЗАГСазул отделаз нилъер ЗАГСалде бач1ун буго 920 кагъат ва гьез бит1ун буго 1221 ц1ех-рех гьабиялъул кагъат.

# Конкурсалъул х1асилал

2018 соналъ **«Чапар»** газеталъ лъазабун бук1араб конкурсалда комиссиялъ бищунго лъик1ал мухбирзабилъун рихьизаруна:

1.Редакциялъул х1алт1ухъабазда гьоркьой - **Каримова Х1алимат Г1усмановна** (Дилим).
2. Штаталда гьеч1ел мухбирзабазда гьоркьой- **Сурхаева Асият Нажмудиновна** (Гъозтала)
Гьел к1одо гьаруна Х1урматалъул грамотабаздалъун ва къиматал сайгъатаздалъун.

**Редколлегия.**

# Прокуратура информирует...

Казбековский районный суд вынес приговор в отношении местного жителя. Он признан виновным в совершении преступления, предусмотренного ст. 2 64.1 Уголовного кодекса РФ (нарушение правил дорожного движения лицом, подвергнутым административному наказанию).

В судебном заседании установлено, что в ноябре 2018 г. на автодороге **«Хасавюрт-Тлох»** на территории нашего района, он, будучи подвергнутым административному наказанию за управление транспортным средством в состоянии алкогольного опьянения, вновь сел за руль автомобиля в нетрезвом виде.

С учетом позиции государственного обвинителя прокуратуры района, суд назначил осужденному наказание в виде обязательных работ на срок 260 часов, с лишением права управления транспортными средствами на срок 1 год и 3 месяца.

***М.М.Халилов, прокурор района, старший советник юстиции***

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат 05 АБ № 0042876 о полном среднем образовании, выданный в 2011 году Дылымским лицеем на имя **Магомедовой Абидат Шамсудиновны,** считать недействительным.

## Мух1амадов Юсуп Мух1амадович



Мух1амадов Юсуп Мух1амадович гьавуна 1940 соналъ Дилим росулъ рекьарухъабазул хъизаналда. 1958 соналъ, росдал гьоркьохъеб школа лъуг1изабун хадуб, гьев ц1ализе ана Буйнахъскиялъул №2педучилищеялде.

1961 соналъ гьебги лъуг1изабун, х1алт1ана Шавданалъул 8-го сонилаб школалда муг1алимлъун, хадуб 3 соналъ хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда. Лъуг1изабуна Ростовалъул пачалихъияб университеталъул тарихазул факультет ва цадахъго (заочно) компартиялъул Т1адег1анаб школа.

1969 соналъ х1алт1изе байбихьана компартиялъул райкомалда.

1971-1973 соналъ х1алт1ана ВЛКСМалъул райкомалъул т1оцевесев секретарлъун,хадув - райисполкомалъул культураялъул отделалъе нухмалъулевлъун. 1980-1990 соназ х1алт1ана районалъул халкъияб хъаравуллъиялъул Комитеталъул председательлъун.

Гьел соназ Юсуп Мух1амадович вук1ана партиялъул райкомалъул бюроялъул членлъун, вищана районалъул Советалъул депутатлъун. Гьев кколаан зах1маталъул ветеранлъунги.

1994-2002 соназда х1алт1ана райадминистрациялъул отделазул начальниклъун.

2009-2013 соназ х1алт1ана **«Чапар»** газеталъул хасав мухбирлъун.

1999 соналъ Мух1амадов Ю.М. мустах1икълъана **«Дагъистан Республикаялъул муниципалияб хъулухъалъул мустах1икъав х1алт1ухъан»**абураб ц1аралъе.

Кинаб х1алт1уде т1амуниги Юсупица живго вихьизавуна лъик1ав г1уц1арухъанлъун, рак1бац1ц1адав ва бажари бугев х1алт1ухъанлъун.

Аллагьас алжан насиб гьабеги гьесие.

***Х1.Х1.Мусаев, И.И.Шабазов, И.Б.Салимханов, З.Н.Эмеев, Д.З.Сайдулаев, И.М-р.Мух1амадов, М.Г1.Чупалаев.***

Районалъе нухмалъулез, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Абубакар Ибрагьимовасда ва т1олабго г1агар лъиялда,- эбел

**Забих1ат**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан. Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьелъие

Районалъул культураялъул х1алт1ухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго Абубакар Ибрагьимовасда ва т1олабго г1агарлъиялда,- эбел

**Забих1ат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Районалъул Цогояб информцентралъул х1алт1ухъабаз зигара балеб буго Абубакар Ибрагьимовасда ва т1олабго г1агарлъиялда,- эбел

**Забих1ат**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан.

Абубакар, Руслан, Г1умар, Юсуп Ибрагьимовазда ва т1олабго г1агарлъиялда гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго гьудул-гьалмагъзабаз,-эбел

**Забих1ат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиблъаги гьелъие.

Районалъул финансазул Управлениялъул х1алт1ухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Эльмира Г1умаровалда ва т1олабго г1агарлъиялда,- рос

**Камильпаша**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиб гьабеги гьесие.

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*
*Сапият Султанмух1амадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде къураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде къураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №196 Тираж 1430*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*